

**Prezidan  
Dieter F. Uchtdorf**

Dezyèm Konseye nan  
Premye Prezidans lan



# Tout bagay byen

**L**èm ap panse avèk eritaj pyonye nou, youn nan bagay pi emouvan ki vin nan lespri m se kantik “Venez, venez, sans craindre le devoir” la (*Cantiques*, no. 18). Moun ki te fè vwayaj long sa a pou ale nan Vale Salt Lake yo te souvan konn chante kantik sa a pandan vwayaj la.

Mwen konnen byen ke tout bagay pa t byen pou Sen sa yo. Yo te frape pa maladi, chalè, fatig, grip, laperèz, grangou, doule, dout, e menm lanmò.

Men, malgre yo te gen tout rezon pou yo te chante “tout bagay pa byen,” yo te kenbe yon atitud nou pa ka anpeche tèt nou admire jodia. Yo te gade odela pwoblèm yo pou yo te wè benediksyon etènèl yo. Yo te rekonesan nan sikonstans yo te ye a. Malgre sete lektrè a yo t ap viv, yo te chante avèk tout konviksyon nanm yo: “Tout est bien!”

Fè lwanj pou pyonye yo pa vle di anyen si sa pa pòte nou reflechi bò kote pa nou. M ap mansyone kèk nan kalite ki enspire m lakay yo pandan m ap kontanple sakrifis yo ak angajman yo.

## **Konpasyon**

Pyonye yo te sousye youn pou lòt san yo pa t gade sou kondisyon sosyal, ekonomik, oswa politik. Menm lè sa te ralanti pwogresyon yo, menm lè sa te deranje yo, oubyen mande yo sakrifis ak efò pèsònèl, youn te ede lòt.

Nan mond egoyis nou an jodia, enterè pèsònèl oswa abandon nan pasyon kapab pran priorite sou zafè pran

swen lòt moun ak fòtifye wayòm Bondye a. Nan sosyete a jodia, atenn kèk bi filozofik ak politik ka sanble se fason pou mezire valè yon moun.

Fikse bi ak atenn bi kapab yon bèl bagay. Men lè siksè nou pou nou atenn bi sa yo lakoz nou derespekte, inyore, oubyen blese lòt moun, pri siksè sa a gen dwa twò elve.

Pyonye yo te veye sou moun ki te fè pati konpayi yo a, men, yo te panse avèk moun ki t ap vin apre yo tou, epi yo te plante pou moun nan charyo ki te vin apre yo.

Yo te konn fòs fanmi ak zanmi. Epi paske youn te depann sou lòt, yo te vin fò. Zanmi te vin tounen fanmi.

Pyonye yo sèvi kòm yon gwo rapèl sou rezon k fè nou dwe chase tantasyon pou nou izole tèt nou an, pou, olyesa, nou lonje lamèn pou ede lòt moun epi gen konpasyon ak lanmou youn pou lòt.

## **Travay**

Venez, venez, sans craindre le devoir

Fraz sa a te vin tounen yon slogan pou vwayajè fatige yo. Li difisil pou nou imajine konbyen gwo moun sa yo te travay di. Mache a sete youn nan bagay ki te pi fasil yo te fè. Yo tout te mete tèt yo ansanm pou yo te founi manje, repare charyo, okipe bèt yo, administre malad yo ak moun fèb yo, chèche ak ranmase dlo, ak pwoteje tèt yo kont danje lanati yo ak pil danje ki te gen nan dezè a.

Yo te reveye chak maten avèk objektif ak bi byen defini ke chak moun te konprann: sèvi Bondye ak pwochen yo

epi rive nan Vale Lak Sale a. Chak jou, objektif sa yo ak bi sa yo te klè pou yo; yo te konn sa yo te dwe fè epi pwogrè chak jou te konte.

Nan epòk pa nou an—kote si anpil nan sa nou dezire yo si fasilman alapòte nou—nou gen tandans pou nou kite wout la oubyen renonse lè wout ki devan nou an sanble l yon tijan inegal oubyen pant yo sanble yo yon tijan wo devan nou. Nan moman sa yo, li ta bon pou nou ta reflechi sou gason, fi, ak timoun sa yo ki pa t kite maladi, difikilte, doulè, e menm lanmò detounen yo sou chemen yo te chwazi a.

Pyonye yo te aprann ke bagay difisil yo fòje ak fòtifye kò, panse, ak espri yon moun; yo ogmante konpreyansyon yo sou nati divin yo; epi fè yo gen plis konpasyon pou lòt moun. Abitid sa a te rafèmi nanm yo epi li te vin yon benediksyon pou yo lontan apre vwayaj yo atravè plèn yo ak mòn yo te fini.

### Optimis

Lè pyonye yo te chante a, yo te eksprime yon twazyèm leson: “Ak lajwa, kontinye wout ou.”

Se youn nan gwo iwoni nan epòk nou an kote nou beni avèk si anpil men nou ka santi nou si malere konsa. Mèvèy pwosperite ak teknoloji yo anvayi nou e yo vide sekirite, divètisman, satisfaksyon enstantane, ak fasilite sou nou. Men, tout sa nou wè bò kote nou se tristès.

Pyonye yo, ki te sakrifye si anpil, te debwouye yo san anyen epi yo te grangou pou menm neseseite debaz ki t ap pèmèt yo siviv yo. Yo te konprann ke bonè pa vini kòm rezilta chans oswa aksidan. Li sètènman pa soti nan wè tout sa nou swete reyalize. Bonè pa soti nan sikonstans eksteryè. Li soti andedan—kèlkeswa sa k ap pase bò kote nou.

Pyonye yo te konnen sa, epi avèk espri sa a, yo te jwenn bonè nan tout sikonstans e menm nan chak eprèv—menm nan eprèv ki te vini pou twouble dlo pwofon nanm yo.

### Eprèv

Nou pafwa panse ak sa pyonye yo te andire epi, avèk soulajman, nou di: “Erezman m pa t viv nan tan sa a.” Men, m ap mande m si pyonye kouraje sa yo te ka wè nou jodia, petèt yo t ap panse menm bagay la tou.

Malgre ke epòk yo ak sikonstans yo chanje, prensip pou afwonte eprèv yo ak reyisi viv ansanm kòm yon kominote k ap pwospere anba Bondye a pa chanje.

Nan men pyonye yo, nou ka aprann pou nou gen lafwa ak pou nou kwè nan Bondye. Nou ka aprann pou nou gen konpasyon pou lòt moun. Nou ka aprann ke travay ap beni nou non sèlman tanporèlman men espartyèlman tou. Nou ka aprann ke bonè disponib pou nou kèlkeswa sityasyon nou.

Pi bon fason nou ka onore pyonye yo e montre rekonesans pou yo se lè, nan pwòp lavi pa nou, nou enkòpore fidelite nan kòmandman Bondye yo, konpasyon, ak amou pou pwochen nou, ak abilte, optimis, ak lajwa pyonye yo te demontre si byen nan lavi pa yo a.

Si nou fè sa, nou ka travèse syèk yo, pou nou pran men pyonye sa yo nan men pa nou, epi ajoute vwa nou sou vwa pa yo pou nou chante avèk yo: “Tout est bien! Tout est bien!”

---

## ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Ou gen dwa kòmanse avèk kantik “Venez, venez, sans craindre le devoir” la (*Cantiques*, no. 18) avèk moun w ap vizite yo. Ou gen dwa pataje yon eksperyans kote ou menm oubyen yon lòt moun ou konnen te aplike prensip konpasyon, travay, ak optimis. Si ou santi enspirasyon an, ou gen dwa temwaye sou benediksyon ki soti nan viv prensip sa yo epi pwomèt moun w ap vizite yo ke yo ka resevwa menm benediksyon sa yo tou.

## JÈN YO

### Kenbe yon rejis

**P**rezidan Uchtdorf konpare epòk pa nou an avèk epòk pyonye yo. Pandan ke ou gen dwa pa t travèse plèn yo, ou plis tankou pyonye yo ke ou ta panse! Ou menm tou ou ka montre konpasyon, travay di, ak optimis. Epi, menmjan nou konnen pyonye yo te demontre kalite sa yo paske yo te kite rejis yo pou nou, posterite pa w la kapab vin konnen ou atravè jounal ou tou.

Pran kèk minit pou ekri yon ti bagay osijè ou menm nan jounal ou. Ou ka ekri sou bagay espartyèl, tankou kijan ou te akèri temwayaj ou oubyen simonte pwoblèm avèk èd Pè Selès la. Epitou, ou ka ede pitit pitit-pitit ou yo (ki gen dwa vin li jounal ou a yon jou!) konnen ak kisa lavi kotidyèn ou te sanble. Ki pwajè w ap fè nan lekòl ou? Ak kisa chanm ou sanble? Ki souvni ou pi renmen sou fanmi ou?

Lè w kòmanse ekri yon tikras chak jou, w ap non sèlman vin kapab wè pi klèman kijan Pè Selès la ede ou nan lavi ou chak jou, menmjan li te gide pyonye yo, men tou, w ap kite yon eritaj pou pwòp posterite pa ou demen.

## TIMOUN YO

### Suiv egzanp pyonye yo

**P**rezidan Uchtdorf pataje kèk fason pyonye yo te montre amou yo pou Pè Selès la. Ou ka suiv egzanp yo. Men kèk ide pou w ka kòmanse fè sa:

#### KONPASYON

- Ekri yon ti nòt amikal oubyen prepare yon ti desè pou yon moun ki tris.
- Ede yon kanmarad klas ou avèk devwa li.

#### TRAVAY

- Fikse yon bi. Fè yon bagay chak jou nan mwa sa a pou ede w atenn bi w la.
- Ede paran ou prepare manje.

#### OPTIMIS

- Fè lis 10 bagay ki fè w kontan nan lavi ou.
- Souri bay tout moun ou rankontre.

© 2015 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon anglè: 6/15. Apwobasyon tradiksyon: 6/15. Tradiksyon *First Presidency Message, July 2015*. Haitian Creole 12587 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Karakteristik Jezikri: Padon ak Mizèrikòd

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan li epi beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaje a? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

*Sa a se yon pati nan yon seri Mesaj Vizit nan fwaje ki dekri kalite Sovè a genyen.*

**K**onprann ke Jezikri gen padon ak mizèrikòd pou nou kapab ede nou padone e montre mizèrikòd pou lòt moun. Prezidan Thomas S. Monson te di: “Jezikri se Egzanp nou.” Lavi li se yon eritaj lanmou. Li te geri malad yo; li te fè kokobe yo mache; li te sove pechè a. Alafen, foul moun ankòlè te pran lavi li. Men, soti nan mòn Gòlgata a, pawòl sa yo toujou rezone: “Papa, padone yo; paske yo pa konn kisa y ap fè’—yon ekspresyon siprèm, nan kondisyon mòtèl la, sou konpasyon ak lanmou.”<sup>1</sup>

Si nou padone lòt moun pou fot yo, Pè Selès la ap padone nou tou. Jezi mande nou pou nou “gen mizèrikòd, jan Papa nou gen mizèrikòd la” (Lik 6:36). Prezidan Dieter F. Uchtdorf, Dezyèm Konseye nan Premye Prezidans lan, te di: “Padon pou peche *nou* yo mache avèk kondisyon. “Nou dwe repanti. . . Èske nou tout, nan yon moman oswa yon lòt, pa konn enbleman apwoche bò twòn mizèrikòd la, pou nou sipliyè

pou yo fè nou gras? Èske nou pa konn swete, ak tout enèji nanmnou, pou nou resevwa mizèrikòd—pou nou resevwa padon pou erè nou fè ak fot nou komèt? . . . Kite Sakrifis Ekspyatwa Kris la chanje ak geri kè nou. Pou youn renmen lòt. Pou youn padone lòt.”<sup>2</sup>

## **Ekriti adisyonèl**

Matye 6:14–15; Lik 6:36–37;  
Alma 34:14–16

## **Nan Ekriti yo**

Èldè Jeffrey R. Holland nan Kolèj Douz Apot yo, te di: “Nou dwe padone menmjan yo padone nou an.”<sup>3</sup> Istwa anfan pwodig la montre nou toulède bò padon an: yon pitit gason jwenn padon epi lòt pitit gason an ap lite pou l padone.

Pi jèn pitit gason an te pran eritaj li, li te vit depanse tout, epi lè grangou te leve, li te travay ap bay kochon manje. Ekriti a di “lè l te vin rekonèt tèt li,” li te retounen lakay li epi li te di papa l ke l pa t diy pou l te pitit gason li. Men papa a te padone li epi li te touye yon jèn towò

li t ap angrese pou l te fè yon fèt pou li. Pi gran pitit gason an te retounen sot nan travay nan jaden yo, epi li te vin fache. Li te raple papa l ke li te sèvi l anpil ane, li pa t janm transgrese kòmandman yo, men “ou pa janm ban m yon ti kabrit menm pou m te fè fèt ak zanmi m yo.” Papa a te reponn: “Pitit mwen, ou toujou la avè m; tout sa m genyen se pou ou. Men, fòk kanmèm nou te fè fèt, nou pa t ka pa kontan, paske frè w la te mouri, men li tounen vivan; li te pèdi, mwen jwenn ni koulyeya” (gade Lik 15:11–32).

## **NÒT**

1. Thomas S. Monson, “The Race of Life,” *Liahona*, Me 2014, 91.
2. Dieter F. Uchtdorf, “The Merciful Obtain Mercy,” *Liahona*, Me 2012, 70, 75, 77; italik nan orijinal la.
3. Jeffrey R. Holland, “The Peaceable Things of the Kingdom,” *Ensign*, Nov. 1996, 83.

## **Konsidere bagay sa a**

Kijan padon benefisye moun ki padone a?